



# BRIYÈ

YON GID POU KLEREW  
NAN CHIMEN SIKSE OU

VOL. 1

VANESSA ACHILLE

HELLO HELLO...

BONJOU, BONSWA depann le ou komanse li gid sa. Avan tou, Mwen vle di OU MESI paskew pwokire ou de yon egzemple gid sa e MESI pou konfyans lan tou ki vreman enpotan pou mwen.

Mwen pwomet ou ke mwen mete tout mwen menm nan gid sa pou ou kapab aprann teknik mwen yo e pouw kapab jwenn tout sa ke mwen te vreman panse ke wap bezwen pouw kapab BRIYE nan sezon sa.

Mwen kwe nan ou e mwen priye ou an gras pou ou aplike tout sa ki pral pale la yo ki yo menm pral ede ou BRIYE!

**BYENVINI NAN BEL AVANTI SA AK MWEN!**

*Vanessa Achille*

## DEDIKAS

Mesi a Bondye mwen an ki toujou la ap edem e gide mwen!

A Papito, Jerry G. Achille ki toujou la pou mwen. A Jared V. achille pitit gasonm ki montrem vrè definisyon lanmou.

A manmanm ki se on fanm vanyan model mwen e ewoyin mwen.

A Machalie Jn Baptiste, Gregory Jn Baptiste , Marckenson Merilus e a tout sila yo ki ede mwen grandi e fleri nan nenpot fason li ye an.

ISTWA MWEN AK POUKISA OU NESESITE GID SA

1. DEVLOPE ON MANTALITE KWASANT POUW

BRIYE

2. APRANN E DEZAPRANN POUW BRIYE

3. PA PÈ PRAN RISK POUW BRIYE

4. KONSANTRE OU POUW BRIYE

5. 5 ABITID MILYONÈ KEW DWE KILTIVE POUW

BRIYE

6.

••Bonis 1 ••

1. •6 KONSEY EFEKTIF POUW BRIYE

••BONIS 2••

1. •6 LIV OU DWE LI POUW BRIYE

MO FINAL MWEN



Istwa mwen e poukisa ou nesesite gid sa...

Non ebook sa se "BRIYE", se yon gid sou kòman mwen sòti nan \$0 poum rive ap bwase plis pase 200 mil dola vet nan yon lane.

Nan ebook sa mpral montrew sa ki te mache pou mwen e mwen gen tout espwa mwen sou ou ke ou pral itilize tout enfòmasyon mwen pral ba ou yo la pouw ka rive jwenn siksè ke wap chache an.

Nan lane 2008, mwen te lanse mwen ak premye biznis mwen ki te rele "Bèl Flè" ki te fe siksè nan sèmen fèt yo ak pou Sen Valanten. Kòm ou kapab imajinew flè gen okazyon li, se pa on bagay ki ap vann an kantite pa jou chak jou. Bòn nouvèl la se ke mwen te aprann ase de biznis sa e rapidman mwen te lansem nan lot biznis ki yo menm te pote gran fwi.

Aprè 4 mwa ke mwen te lansem vreman nan biznis sa yo mwen te vinn an mezi pandan ke mwen tap itilize tout sekrè mpral baw la yo poum te kapab kite djòb mwen an, pran 4 vakans nan ane an, leve ta e gen tan poum fè sa ke mwen vle.

---

Nan liv sa mwen trase pou ou tout experyans ke mwen fè nan biznis pandan 3 denye lane yo. Mwen fè tout erè yon moun ki ap fèk kòmanse fè yo e mwen gen chans chita poum reflechi sou chak grenn nan yo e mwen arive ekri liv sa pou ou kapab gen on gid fasil e pratik ak egzèsis ladanl plis 2 bonis pou ou kapab jwenn chimen siksè pa ou tou.

Liv sa se pou ou si...

Ou se on jèn ki gen devouman pou ou jwenn libète finansyè, ki siyifi ke ou ka achte saw vle, le ou vle, ale kotew pito e sitou ede antouraj ou sa ki nan bezwen yo tou.

Ou santiw manyen tout bagay yo pa mache o tou senpleman si ou apèn ap derape nan biznis .

Kapab ou se yon jèn antreprenè ki gen aspirasyon pouw lanse on pwodui kelkonk oubyen yon jèn ki deside ke malgre nenpot etikèt sosyete a ba ou (ke ou se nwa, ke ou se pitit sòyèt, ke ou se ayisyen, ou pap rive pi lwen ke pwent nen ou etc... ) ou vle leve defi a pou ou montre yo kontrè an.

Mkwè ak tout fòs mwen ke ou se yon moun extrawòdinè e ke ou chaje ak potansyèl pou ou kapab vini moun ou toujou reve pou ou vinn ye an. Si ou se yon moun ki vle ak tout kè ou yon chanjman nan vi ou, e vle gen on gwo enpak... enben liv sa se pou ou!

---

---

# CHAPIT 01

---

# MANTALITE FIKS VS MANTALITE KWASANT

Fason ou we tèt ou ak jan ou wè mond lan defini pa mo sa an anglè ki se "Mindset". Mantalite ou, se kwayans ak panse ki enfliyanse sou fason ou jere on sitiyasyon kelkonk lel prezante. Mantalite on moun vini de yon pakèt bagay sòti sou fanmi li, kotel leve, moun li frekante, lekòl li te pase, liv li li, mizik li tande , fim li gade etc...

Mantalite ou, jan ou konprann lavi an egzèsè yon enfliyanse enpòtan sou reyisit ou, se sak fè nou pral wè 2 nan tip mantalite ki genyen yo.

Mantalite fiks ak mantalite Kwasant (evolitif)

Mantalite fiks lan se lè ou wè tout bagay nan on sèl bò sa vle di ou kwe ke se swa ou bon oubyen ou pa bon nan yon aktivite kèlkonk e ke li enposib pou ou chanje sa nou souvan rele "desten an".

Mantalite kwasant lan nan on lòt bò li menm se lè ou wè bagay yo nan on pwennvi dinamik sa vle di ou kwè ke ou kapab chanje e amelyore on sitiyasyon nenpòt jan sa ye e ou kapab pwogrese e grandi talan ou yo pa mwayen travay ak dedikasyon.



## EVALYE SI OU GEN MANTALITE

# Fiks VS Kwasant

Fiks	VS	Kwasant
Abandone fasilman	<b>OBSTAK</b>	Pèsiste jis ou jwenn rezilta
Inyore kritik konstriktif	<b>KRITIK</b>	Aprann de kritik
Evite kompetisyon	<b>KOMPETISYON</b>	Anbrase sa ki pousew grandi
Fache e santiw pa byen	<b>SIKSÈ LÒT MOUN</b>	Rejwi e Enspire
Siy ke ou pa kapab	<b>ERÈ</b>	Ede ou grandi plis
Ou ka fè sèlman kèk bagay	<b>MANTALITE</b>	Ou kapab fè tout bagay
Kanpe nan wout	<b>REZILTA</b>	Reyalize gwo bagay

Si ou gen mantalite kwasant, bat bravo pou tèt ou! Ou sou bon wout la epitou sa vle di ou gen dezi pouw grandi epi aprann. Si ou gen on mantalite fiks, mwen gen on bòn nouvèl pou ou, ou ka chanje de mantalite fiks lan a mantalite kwasant.

---

## CHANJE MANTALITE FIKS A MANTALITE KWASANT

Mantalite kwasant se senpleman le ou gen kwayans ke ou kapab devlope e vinn pi bon nan nenpot sa ke ou ap fe. San li, ou pap janm fe kantite efo ki nesese e sa ap fe ou rete kanpe sek on sel kote. Ou kapab grandi yon mantalite kwasant, men pou sa ou bezwen:

### *Kanpe djanm devan defi*

Pran chak defi kom yon opòtinite lavi ba ou pou ou aprann yon bagay anplis e fòje karaktè ou. Chak fwa ou kanpe devan on defi sa pèmèt konfyans ou grandi, panse ou yo ak lespri ou elaji e yo pap janm retounen nan ti fòm ankò.

### *Aprann de erè lòt moun*

Si ou kapab aprann de erè lòt moun sa ap pèmèt ou menm ou fè mwens erè e itilize leson sa pouw pa pase nan menm koub sa yo.

### *Pa pè pran risk*

Toujou mete nan tèt ou si ou pa rive kounya nan yon bagay ,tan ak pratik ap konduiw nan chemen pwogrè. Anplis siw fè yon erè wap aprann de li e grandi.

### *Ouvè pou ou pran fidbak*

Bon jan fidbak kapab yon limyè sou chemen ou ki pral ede ou wè kote ou kapab amelyore .

### *Selebri siksè lòt moun*

Pouw monte nan chemen siksè, fòk ou pa gen jalouzi ou byen gwo kè nan siksè lòt moun. Pwochen fwa on moun pwòch ou resevwa on bon nouvèl... Selebri ak li.

---

## Prete anpil atansyon ak panse ou yo

Anpil fwa daprè eksperyans mwen ak elèv mwen, kliyan mwen e lòt moun nan antouraj mwen lè ou fè yo on konpliman swa yo ri, swa yo di " wap fè manti" ou byen"poukisa ou ap pasem nan betiz la?" se souvan reyaksyon yo.

Pran 1 minit epi poze tèt ou kesyon sa : " Ki reyaksyon mwen lè on moun fè mwen yon konpliman? Evalye repons ou an. Nenpòt kisa repons ou an ye pwochèn fwa on moun fè ou yon kompliman san reflechi di li mèsi. Aprann fè lòt moun kompliman tou, rekonèt sa yo genyen lakay yo ki bon. Reponn yon konpliman pa yon lòt toujou bon e rann jounen ou mye.

Panse pozitif de ou menm ak de antouraj ou se youn nan faktè ki ap pemèt ou avanse. Lè ou panse pozitif, etid ki fèt sou sijè sa menm fè komprann ke ou arive menm respire pi byen. Tout kalite panse monte desann nan lespri ou pandan jounen an, ou se sèl responsab de panse ou yo. Si ou panse pozitif oubyen negatif se paske ou chwazi panse konsa.

Anpil nan nou chaje ak panse negatif sèlman, ak pratik ou kapab chanje sa. Youn nan taktik ki pi kouran pou sa se repete jiska 7 fwa yon panse pozitif lew finn panse ak yonn ki negatif. Konprann byen ke lè ou panse yon bagay o deklare yon bagay sou ou inivè an li menm lap fè tout mwayen li pou li ede ou genyen bagay sa kit li bon ou pa, se sak fè fòk ou fè anpil atansyon ak sa ke ou ap panse.

Pa egzanp si ou toujou ap panse negatif de tèt ou kèk panse tankou: "Mwen pap janm anyen, tout sa mwen manyen pa mache". Touswit ou finn panse sa ou dwe repete nan tèt ou jiska 7 bagay ki pozitif de ou tankou: "Mwen gen anpil potansyèl, mwen ka poko kotem vle ye an kounya men map rive kanmenm.

---

Souvan nou tande pale de deklarasyon yo oubyen afimasyon pozitif yo. Yon afimasyon se yon fraz pozitif ke ou di kote ke ou afime ke yon objektif kelkonk ke ou vle atenn gentan rive ou.

Deklarasyon yo, yo menm se le ou deklare tet ou ak yon fem entansyon pou ou fe aksyon ki konkre sou objektif ke ou vizyone pou vinn devni reyalite ou. Deklarasyon yo se ekipman pisan epi ki bon anpil ke nou genyen pou nou reprogramme lespri nou. Yo la pou ede ou grandi estim de swa ou. Chak fwa ou repete yo ak konviksyon ou rale bagay ki pozitif nan lavi ou. .

Eseye repete yo chak jou plizye fwa pandan jounen an, fe li tounen yon abitud pou ou epi ou ap we komanpanse ou yo ap vinn pi pozitif chak jou e rezilta yo ap kle nan vi ou. Ou ap we tout bagay ap komanse amelyore pou ou.

Men kèk egzanp afimasyon ak deklarasyon ke mwen itilize chak jou nan woutin matinal mwen. Yo ede mwen vizyalize jounen an sou yon pwennvi pozitif epi yo fe mwen santi mwen gen plis fos pou mwen afwonte nenpot sa ki paret nan jounen an



## "CHANJE PANSE OU, CHANJE LAVI OU..."

Ou ka kreye lavi ou te toujou reve an akpanse ou, Kompanse papanse pozitif epanse plizye fwa nan jounen an sou sa ou REYELMAN vle fe ak vi ou.

---

## KEK EGZANP AFIMASYON AK DEKLARASYON POZITIF

Mwen renmen mwen.

Mwen se yon moun inik, ki chaje ak potansyel e mwen kwe nan mwen. Mwen akspete mwen jan mwen ye an pandan map fe plis pwogre chak jou.

Tout sa mwen manyen tounen lò. Abondans fè pati de mwen e mwen ouvè pòt mwen pou li.

Mwen santi mwen beni pou chak eksperyans mwen fè nan lavi mwen. Bon yo paske yo fèm avanse e fèm mwen kontan, move yo paske yo fèm avanse e fèm mwen grandi.

Mwen konsantre mwen sou tout bon bagay kap vini nan vi mwen jodia e mwen ouvè pou mwen resevwa tout.

Mwen deside atire tout sa ki bon nan vi mwen jodia e pou toujou. Mwen se yon leman, mwen atire riches, sikse, sante ak lanmou nan vi mwen.

Mwen bel ni anndanm, ni deyo. Mwen pafe nan mezi Kreyate a fe mwen an. Mwen se yon limye ki ap briye.

Mwen se yon kreyasyon diven. Gen yon bi byen detemmine pou mwen la e mwen ap ranpli bi sa ak tou jwa mwen.

Mwen se yon moun ki pozitif. Mwen se yon moun ki ap debode lanmou. Mwen se yon fos kreyatris.

*Repete afimasyon sa yo chak jou, plizye fwa nan jounen an. Ou kapab sevi ak yo kom baz pou kapab kreye pwop afimasyon pa ou tou ki ale ak sikonstans aktyel ou.*

---

## An Rezime

Mantalite ou, jan ou konprann lavi an egzèsè yon enfliyans enpòtan sou reyisit ou. Gen 2 tip Mantalite ki se fiks ak Kwasant. Fiks la se le ou panse ke jan ou ye an ou pap ka chanje e ke se desten ou pou ou rete kote ou ye an. Kwasant lan li menm se le ou kwè ke ou kapab chanje e amelyore sitiasyon la vi ou nenpòt jan sa ye e ke ou kapab pwogrese.

Ou Kapab chanje mantalite fiks an kwasant, Ou kapab repwograme lespri ou ak panse pozitif pou sa wap bezwen repete plizye bagay ki pozitif sou ou apre ke ou finn panse ak youn ki negatif. Afimasyon pozitif yo se ekipman nou genyen pou nou rete pozitif epi atire tou sa ki bon nan lavi nou. Nou dwe toujou repete yo epi nou dwe fe li ak konviksyon.

## Aplikasyon

Gade egzanzp afimasyon nan gid la epi fe pa ou tou depann de sitiasyon ou. Repete yo ak konviksyon le ou fek leve nan maten e avan ou prale domi tou pandan on nonm de tan epi evalye pwogre ou yo.

Resevwa ak ke kontan tout konpliman yo fe ou epi Fe plizye moun konpliman pandan semen sa.

## Bonis

Rekonesans gen on pouvwa ekstrawodine ladan li ki ede ou jwenn plis epi ki fe ou rekonet tout benediksyon ou deja genyen nan lavi ou. Li ede ou santi lajwa pou ou viv epi fe plis pwogre.

Pratike rekonesans. Fe on lis tout bon bagay ki pase ou pou jounen an pandan on semen, enkli ladan li Mesi pou le an, pou manje, pou on kote pou ou domi etc...

## Ekeri kounya

Kisa mwen pral fe ak sa mwen sot aprann nan chapit 1 an ?

Kijan mwen pral aplike li nan vi mwen, fwayem ak nan biznis mwen.

---

# NÒT

---

---

# CHAPIT 02

---

# Aprann e Dezaprann

*Envesti nan tet ou, ou se pi gwo aktif ou.*

Dapre eksperyans ke mwen fe ak moun ki nan antouraj mwen, ou ka mete 2 moun chita sou menm tab epi ou montre yo menm bagay lan etap pa etap epi yo tou 2 soti epi ou gade ou we youn fe sikse total ak sa ou te montre yo an epi ou gade ou we lot la li echwe nan objektif ke fomasyon sa te genyen an. Kounya kesyon an se ki sa ki fe sa? Repons lan pa lot ke fason panse yo. Atitid yo fas ak prensip oubyen estrateji ki te anseye an. Mezi sikse ou egal ak mezi ou menm ou grandi.

Anpil fwa anpil nan nou panse ke akoz lekol nou te frekante oubyen zon ke nou te leve se rezon sa ki fe nou pa ka avanse se la prensip dezaprann nan li antre, mpap bay manti poum di ke fakte sa yo pa gen enfliyans sou nou vre men gen on etap nou rive si nou we sa nou abitye plante an pa bay fwi fok nou chanje paj la pou nou komanse adopte lot fom panse ak lot fom aksyon tou.

Mwen fe etid prime mwen Ecole Sainte Trinite (Potoprens), mwen fe etid segonde mwen College Saint Pierre (Potoprens) e mwen fe plizye klas poum fini lekol klasik mwen nan Liceo Don Pepe Alvarez (Repiblik Dominiken). Apre mwen te fini lekol, nan lane 2010 mwen te rantre nan inivesite Universidad Catolica Nordesteana (Repiblik Dominiken) poum te aprann administrasyon biznis.

Wi, Mwen pase nan gran ak nan bon lekol, sa yo se yon baz vre men map di ou ak tout kè mwen se pa nan tout sityasyon ke li se yon fakte primodyal nan sikse yon moun. Malgre mwen di lekol ou te pase pa fe moun men Edikasyon li menm li se kle nan avansman yon moun. Nan syek sa nap viv la li vinn telman fasil pou ou gen akse ak enfomasyon, jan ke sa pat ye nan okenn lot moman nan listwa.

---

## Envesti nan tet ou

Grenn fason pou ou amelyore la vi ou se lè ou amelyore tet ou pesonelman. Si ou vle pou oganizasyon ou an oubyen biznis ou an grandi, ou dwe grandi kom yon lidè, Si ou vle pou pitit ou yo vinn pi bon timoun, ou dwe konvete ou an yon pi bon moun e on pi bon paran. Sa ki pi etonan nan sa se ke tout otan ou ap chanje, ou ap gen plis konesans konsa wap sezi we koman tout bagay sou kote ou ap vinn pi miyo.

### **Ou kapab envesti nan tet ou nan plizye fason:**

- Komanse achte liv sou sijè ki enterese ou, tankou devlopman pesonel, sou edikasyon finansye, sou biznis, pale nan piblik etc..
- Genyen yon paket ekri ki pale sou sijè sa yo ki koni anpil nan lemond tankou: T.Harv Eker (Sekrepanse milyone an), Robert T. Kiyosaki (Papa rich, Papa pov). Dale Carnegie (Koman pou ou genyen zanmi e enfliyanse sou yo), Napoleon Hill Panse epi vinn rich), John C. Maxwell Kat pou ou ka jwenn sikse) etc...

Mwen li tout liv sa yo e mwen konseye ou fe sa tou paske ou ap aprann e vinnpanse on lot fason.

- Ou kapab li magazin e gade videyo sou biyografi moun ki fe sikse deja tankou Oprah Winfrey, Michelle Obama, Bill Gates, Steve Jobs elatriye...
- Ou kapab ale nan semine ki ap fet bo lakay ou oubyen an liy.
- Ou kapab tande podkas, webinar, video elatriye nan vesyon gratis oubyen peye .

---

Kounya ou gen aksè ak yon paket enfòmasyon nan pla men ou. Preske tout timoun 10 lane aktyelman la gen yon telefon entelijan. Aprann sevi ak li pou li pa fe ou tounen yon sevite men pito met li, poul ap founi ou konesans ak lajan se yon lot sijè. Gen anpil sit tankou Google, Youtube, Udemy ak yon paket lot anko pou ou aprann nenpot sa li ye an.

Si ou pa kwem le mwen di ou nenpot sa li ye an tape sou Youtube koman pou ou bouyi yon ze? Wap sezi pou ou we ke wap jwenn li, poum site yon bagay ki osi senp ke sa.

Konsa tou gen yon konsepsyon ki enpotan anpil nan pwosesis aprann e envesti nan tet ou an ke nou pa tande pale anpil de li kise dezaprann.

## Dezaprann

Eske ou pa sispek mond la ap avanse telman rapid kote ke apenn on nouvel teknoloji paret on lot gen tan tou pre pou pase devan li e fe sa ki te apenn paret la rete deye?

Kisa ki dezaprann? Li pa lot ke lè ou chita epi ou repase konviksyon ou yo, abitud ou yo, fason ou fe bagay yo epi pou ou modifiye yo pou lot ki apenn paret. Dezaprann se elimine kwayans ki pasedmod e ki pa rapote nou okenn benefis anko. Ak vites tout bagay ap avanse la, li vinn pwovoke yon nesesite nan moun yo, biznis yo ak oganizasyon yo pou yo kite sa ki te konn fonksyone pou yo nan tan pase paske tout bagay ap chanje.

Eske ou ap dako ak mwen si mwen di ou ke pou grann ou, menm pou manman ou tou petet si on moun pa etidye medsin oubyen enjenye lap mouri pov? Aloske kounya gen timoun sou entenet la kap fe milyon ak estrateji biznis online.

---

Mwen pesonelman pou lane 2018 la mwen konnen 3 jen ki pwoch mwen ki milyone nan mwens ke 2 lane nan Netwok Maketin. Sa montre nou ke anpil bagay grann ou te konnen vinn pa verite anko, ansyen panse sa yo ak konviksyon sa yo vinn tounen barye tan pou yo ede nou.

Gen kek fraz ki ede nou detekte barye sa yo tankou pa egzanzp: "Mwen abitye fe li konsa depi tout tan" oubyen " Mwen eseye bagay sa deja" nan sa ki gen a we ak biznis"Bagay sa, bo isi la la li pap fonksyone". Fraz sa yo demontre ke yon bagay ke ou te fe nan fason sa vreman yon fwa te fonksyone. Nan yon lot bo yo se prev ke si fom travay sa li ta chanje yo ap vinn tounen barye prensipal ou.

## *Pwosesis pou ou dezaprann*

### **Pwosesis pou ou dezaprann nan li fet nan 4 etap:**

Entwospeksyon: Idantifye tout eleman ak patwon ki fe ou jan ou ye jodia tankou abitud ou, mes ou, kwayans ou, konviksyon ou epi fe on lis ak yo.

Idantifikasyon: Seleksyone tout eleman ou we ki merite modifiye yo. Le ou nan etap seleksyon sa, ou komanse pwosesis konsyantizasyon an.

Pwosesis Chanjman: Rive chanje se tout on pwosesis ki byen kompleks li ye. Antan ke imen nou se et ki viv de abitud. Nan twazyem lan ou komanse pa modifiye konesans anvan yo pa nouvo yo.

Reaprann: Katriyem e denye etap la se aprann anko yon bagay ke ou te konnen nan yon fason ki diferan e ki pi moden. Se on etap ki mande efo ak volonte.

---

## An Rezime

Li enpotan pouw investi nan tet ou pouw kapab aprann nouvo bagay ki ap ede ou ajoute vale sou moun ke ou ye jodia.

Li enpotan pouw konprann ke tan yo ap evolye e ke li mande pouw kapab toujou ap aprann e dezaprann pouw reaprann.

## Aplikasyon

Ale sou Youtube e mete kek mo kle sou on sijè ki enterese ou anpil epi pase 1-2h tan pa jou ap aprann de li pouw ka vinn konnen li byen.

## Bonus

Yon mentor se on moun ki la pou gide ou e montre ou wout li te pase pou rive kotew vle ye an san pou otan ou pap bezwen pase nan move roch yo paske ak sa li ap montre ou yo li ap pi fasil pouw rive e pi rapid menm.

NB; Ou ka aplike jodia menm pouw antre nan pwogram mentoship mwen an poum ba ou jaret nan ide ou yo sou sit mwen an [Vanessaachille.com](http://Vanessaachille.com)

## Èpri kounya

Kisa mwen pral fe ak sa mwen sot aprann nan chapit 2 an ? Kijan mwen pral aplike li nan vi mwen, fwayem ak nan biznis mwen.

---

# NÒT

---

---

# CHAPIT 03

---

## PA PÈ PRAN RISK

*Bay lavi a dwet jiskaske li voye nan men ou*

Ou sonje ti istwa sa yo te konn li pou ou le ou te piti de yon solda ki te ale nan lage yon premye fwa e li te pedi, li ale yon dezyèm fwa e li te pedi anko, li te rete ap panse epi li te di tet li ke li ap pran risk pou li ale yon twazyèm fwa e vremen vre li te ale e li te pedi anko, li ale yon katyèm fwa, yon senkyèm, yon sizyèm epi apre li te finn pedi setyèm batay la li te ks deside bay vag. Men kom yon bon gerye ke li te ye li te deside prepare li e pran risk pou li te ale nan batay yon lot fwa anko epi li te arive genyen batay lan son uityèm esè li. wi, uit fwa li ale nan batay, li pedi set e li pote vikwa nan denye an.

Chemen sikse an mande anpil pasyans, preparasyon ak deteminasyon. Mwen ap raple mwen youn nan premye biznis ke mwen te lanse ladan li se te The Closet, se te yon shop rad maryaj ke gran sè mwen, Doktè Machalie te genyen a lepòk, lè mwen we jan li ap byen mache mwen te deside investi e travay ak li ladan li, malerezman 3 mwa apre investisman mwen an, The Closet ta pral fe fayit. Mwen te tounen ale travay kom tradikte ak leta chilyen an. Dife pou mwen antreprann biznis pam nan te telman fo li pat kite mwen chita pou lontan nan travay kom tradikte an.

---

Fen 2018, mwen ouvè "Bèl Flè" san mwen pa bliye le mwen te fè pati nan manm fondatè Savè Kreyòl, yon konpayi kremas nan peyi Chili kote mwen tap viv a lepok ke manman mwen te genyen.

Pou mwen tounen sou istwa bel fle, mwen te gen anpil antouzas pou nouvo biznis sa e se premye biznis ke mwen mete sou pye poukom. Mwen demare ak bel fle pou desanm 2018, nou pat gen men pou nou te vann pou nwel lan, pou fen dane menm se pa pale, apre fet finn pase bagay yo vinn komanse lan jiskaske nou rekomanse vann pou sen valanten apres bagay yo vinn re lan anko jiskaske mta pral relansem nan biznis rad anko ak PRETTIFY BY VANESSA ACHILLE ki te rive gen pase 2000 kliyan fidel ki ap achte san rete.

Ti pati nan istwa mwen ke anpil nan nou pat konnen ke mwen sot eksplike ou la sou 2 premye biznis ke mwen te eseye e fe fayit ladan yo an se selman pou mwen di ou: Tanpri Tanpri pa bay vag apre ou pran yon premye "echek », raple ou byen sa nou te pale nan chapit 1 an (Tounen ale relil anko e fe egzesis yo) sou Mantalite fiks ak kwasant. Lè ou relanse ou apre on "echèk" sonje ou pa rekomanse a 0 men pito depi eksperyans sa ki ap fèw avanse ak plis fòs fwa sa.

## Poukisa anpil moun pe pran risk?

Yo toujou di pouw genyen fow riske pedi. Pran risk se on bagay ki nesesè pou nou kapab rive atenn bi nou fikse nou yo epi pou nou kapab transfome nou ti kras pa ti kras nan moun ideyal sa ke nou reve anndan nou pou nou vinn ye an. Le nou pale de riske » imedyatman nou santi se pa yon bon bagay, se akòz ke nou pa abitye a pran risk epi li mande yon efò anplis. Se yon bagay ki konpletman nomal. Nan tet nou, nou ap toujou gen tandans pou nou fe sa ki paret pi fasil lan oubyen pou nou rete nan zon konfò nou e se sa ki fe pa la suit nou souvan pedi anpil opotinite.

Koz nimewo 1 ki fè anpil moun pè pran risk a fe yon bagay ki diferan tankou pa egzansp demare yon nouvo biznis, oubyen antame yon nouvo relasyon amourez poum site sa yo se paske yo fe konnen ke yo pè pou yo pa pran echek. Mwen ap raple nou ke fe ere se yon bagay ki esansyel pou nou kapab aprann, konnen e konprann ki bò nou tonbe an, rektifye li epi kontinye avanse sou plan nou yo jiskaske tankou solda nan istwa nan komansman chapit lan nou kapab rale on souf epi kriye viktwa nan finans nou, nan lanmou, nan biznis nou elatriye...



---

Pran risk pa vle di ke ou ap toujou jwenn yon repons ki pozitif, men sa mwen garanti ou se ke ou ap fini pa jwenn satisfaksyon de tet ou ke ou te eseye epi tou ou ap konnen ki kote pou ou mete pye ou pwochen fwa. Pa bay tet ou pwoblem menm si ou ta we tout bagay ap soti mal kom repons a risk sa ke ou te pran an. Ou met kwe mwen, apre eksperyans sa ou ap domine domen nan pi byen.

Bon, e si kounya ou pran risk la epi tout bagay soti byen? Le sa ou ap santi ou gen fos e anpil konfyans nan kapasite ou yo. Ou imajine ou ki vale biznis ki fe sikse apre yon risk ke met yo te pran oubyen ki vale elev ki gradye apre yo te riske epi aprann yon karye kelkonk. Pa pemet ou kite jou yo ap pase epi nan tet ou selman ou ap panse " E si mwen..." ?

Anpil fwa nou viv ak pe pou nou kenbe rev nou yo nan kon epi pou nou aji, pou nou bay yon pa an avan, sa konn rive se paske nou pa kwe vreman nan tet nou ke nou kapab, ke nougen potansyel pou nou fe sa nou konnen nan fon fon ke nouke se li nou vle reyelman an.

Tanpri tanpri , mvle ou fikse rev ou yo byen kle nan lespri ou e mete yo sou papye pou ou kapab travay sou yo jan sa dwa. Nou tande anpil granmoun yo di, lavi pa konn fe nou kado, lite pou sa ou vle ye an jiskan ou pa kapab. Komanse jodi menm a pran risk pou ou ka trase chimen sikse pa ou an. Ou merite li! Pran risk san ou pa pe ere ke ou ka fe yo, la vi achaje ak ere, men mwen ap di ou sa anko, se ere sa yo ki appemet ou grandi e aprann.

Pwochen fwa ou ezite pou ou pran risk sonje ak istwa geryean oubyen avek mwen ki pase nan tout kalite biznis pandan 2018 lan jiskaske mwen vinn jwenn sa mwen te ap chachean e ki fonksyone byen pou mwen an.

---

## An Rezime

Pran risk pa vle di ke ou ap toujou jwenn yon repons ki pozitif, men sa mwen garanti ou se ke ou ap fini pa jwenn satisfaksyon de tet ou ke ou te eseye epi tou ou ap konnen ki kote pou ou mete pye ou pwochen fwa. Se ere sa yo ki ap pemet ou grandi e aprann.

Bon, e si kounya ou pran risk la epi tout bagay soti byen? Le ou pran risk, se swa ou aprann oubyen ou genyen... Pa gen pedi !

## Aplikasyon

Panse ak 2 ou 3 pwoje ke ou te toujou vle fe men ou toujou pe riskew pouw fe yo, li ka lanse on biznis, aprann on nouvo teknik etc... Ekri on plan byen rapid sou kijan e kibo ou ka komanse manyen pouw ka demare ak pwoje sa yo

## Bonus

Tout milyone ou we jodia te riske on jou pou te lanse yo nan sa yap fe an. Etidye lavi kek moun ou renmen suiv pouw we koman yo te komanse. Tout sa ki gran jodia te komanse piti. Wap fini pa konprann ke yo menm tou yo te riske yo pou yo ka viv bel vi yap viv jodia.

## Ekri Kounya

Kisa mwen pral fe ak sa mwen sot aprann nan chapit 3 an ? Kijan mwen pral aplike li nan vi mwen, fwayem ak nan biznis mwen.

---

# NÒT

---

---

# CHAPIT 04

---

# Konsantre ou

Poze tet ou kesyon eske sa ou ap fe jodia ap mete ou pi pre de kote ou vle ye demen an O nan 2 lane anko o nan 5-10 lane anko.

Nou pale de plizye bagay la deja pandan ke nou ap trase ansanm chemen sikse ou. Mwen ap raple ou ke nan gid sa ou pap jwenn lot bagay ke tout ti trik ke mwen itilize pou mwen kapab fe chemen sikse pa mwen. Trik sa yo mache byen pou mwen e pou anpil lot moun ki fe sikse deja ki ap aplike yo se pou sa ki fe se yo espesyalman mwen chwazi pou mwen pataje ak ou.

Nou gentan pale sou mantalite ou, koman pou ou chanje li de fiks a kwasant, nou pale tou de koman pou ou dezaprann epi pou ou reaprann, yon fason pou ou ka kite kek ansyen ideoloji deye epi pou ou ka pran pito sa ki a la mod yo, sa ki ap mache yo e sa ki ap fe moun fe kob e fe sikse yo.

Nan chapit 3 a nou te pale sou pran risk, le ou finn we tout nouvo ide yo ki sou mache a e ou reaprann yo enben li mande pou ou pran risk ki byen kontwole e planifye epi pou ou kapab eseye yo. Nan chapit sa kounya ki se chapit 4 la nou pral we kounya konsantrasyon. Le nou fokis sou objektif nou sa vle di ke nou ap travay byen di sou sa nou vle reyalize an e anplis nou inyore oubyen elimine tout bagay ki fe nou distre e ki pap mennen nou nan chimen sikse nou.

Konsantre nou sou bi nou yo ap ede nou mete tout enejè nou, tan nou ak kouraj nou nan yon grenn bagay an patikilye pandan yon tan byen detemine e ki li menm apre pral bay yon rezilta final oubyen ap mete nou pi pre nan chimen nou vle ye an.

---

Ann fe yon ti gade byen rapid kisa ki yon bi:

"Yon bi se yon rezilta ke ou espere oubyen imajine jwenn de yon aksyon ke ou pral poze oubyen de yon trajè ke ou pral fe, sa vle di se sa ke nou swete jwenn dapre yon pwosesis espesifik. Oganizasyon yo, biznis yo, moun elatriye trase bi yo ke yo vle vinn tounen yon reyalite. Pi devan mwen ap detaye tout karakteristik bi nou yo dwe genyen.

Li nesese pou ou genyen bi ou yo byen kle nan tet ou e sou papye. Si ou genyen bi ou yo byen kle sa vle di ou konnen byen ki kote ou ye nan vi an e ki kote ou vle rive. Anpil moun santi yo pedi e pa vreman konnen ki bi yo nan vi an, ni yo pa konnen kisa yo vle fe. Yon kesyon ki vreman enpotan pou ou konsidere le ou nan etap pou ou konstwi bi ou nan lavi an se : Le mwen vinn ti granmoun, ki istwa mwen vle rakonte e pitit pitit mwen yo pral konnen de vi mwen, de kiyes mwen ye e kisa mwen te fe nan jenes mwen?



---

## Genyen 6 domen objektif ke ou dwe konsidere nan vi ou:

Dapre eksperyans mwen, ou dwe eseye ekilibre objektif ou yo pou ou travay nan chak kategori sa yo. Men tout fwa li revni a ou menm pou ou pran desizyon final ou pou ou konnen kiyes ki pi enpotan ke lot pou ou pou ou travay, malgre sa map pran libete pou mwen di ou tanpri pa neglije okenn nan domen yo.

Rapidman ann gade domen yo:

Anpil moun le yap panse ak domen vi yo, yo panse premyeman ak domen karye an pa egzanp nou genyen:

- Pwomosyon nan travay yo
- Chanje metye
- Lanse yon biznis
- Fe on lot bagay sou kote pou fe kob apa djòb prensipal lan elatriye...

Dezyem sa ki enpotan anko pou anpil moun se domen Finans lan, pou ou ka rive atenn objektif sa li enpotan pou ou sonje ke **fok ou fe bidje, aprann diferans ant bezwen ak nesesite, fe ekonomi, investi epi fe plis lajan.**

Domen sa souvan gen ladanl:

- Pa gen okenn det
- Gen on bon ti kob sou kote pou si ta gen ijans
- Kotize pou retret ou
- Gen ase lajan pou ou viv vi ke ou vle an elatriye...

---

Pesonel, se domen ki gen a we ak ou menm antan ke moun, ki ap pemet ou vinn on pi bon vesyon de ou menm chak jou. ladanl genyen pa egzamp:

- Aprann on lot lang
- Aprann pale an piblik
- Vwayaje
- Fe spo
- Meditasyon

Pa edikasyon an gen a we ak nenpot tip aprantisay elatriye...

Avan denye domen nan ki se esprityel lan, gen a we ak kisa ou ka fe pou ou bay la vi ou plis sans, li gen a we ak pou ou vinn pi relijye ou byen kontribye ak sosyete an oubyen mond lan an jeneral, ladan domen sa ou ap jwenn kek bagay tankou:

- Volontarya detanzantan
- Ale nan yon legliz pouw adore
- Bay kek kou gratis ak timoun ki bezwen
- Toujou fe meditasyon e priye
- Fe moun ki nan bezwen kado

elatriye...

Sizyem nan se relasyonel lan, ki gen a we a relasyon ou ak tet ou, ak antouraj ou epi fanmi ou pi patikilyeman, ladan li nou ap jwenn:

- Chache pase plis tan lib ak ou epi ak fanmi ou
- Chache lot mwatye ou
- Fe pitit
- Kiltive on bon relasyon ak paran ou yo, bet kew ka genyen

elatriye...

Kounya nou finn we kek egzamp bi ke ou ka genyen depann de domen ou vle gade an ,li enpotan pouw chita e rete fokis pou ou kapab reyalize yo.Li enpotan anpil pou ou pa selman genyen bi ou yo vag nan tet ou men pito, genyen yo ekri byen kle sou papye. Le ou rete konsantre ou pou ou regle zafe ou , sa ap ede ou ou rive fe nenpot bagay ke ou vle an soti nan etidye pou yon egzamen, fini yon travay anvan le oubyen mete yon biznis sou pye nan on tan espesifik elatriye.

---

## An Rezime

Youn nan kle pouw briye se rete konsantre pouw fini ak tout sa ke ou komanse. Li enpotan anpil pou ou pa selman genyen bi ou yo vag nan tet ou men pito, genyen yo ekri byen kle sou papye. Le ou rete konsantre ou pou ou regle zafe ou , sa ap ede ou rive fe nenpot bagay ke ou vle an soti nan etidye pou ou pase yon egzamen, fini yon travay anvan le oubyen mete yon biznis sou pye nan on tan espesifik elatriye.

## Aplikasyon

Sonje gen PI ENPOTAN, gen ENPOTAN ak MWEN ENPOTAN. Pandan tout semen sa, fe egzesis chak maten pouw gade sa ou gen pouw fe epi Evalye e mete chak bagay ou vke fe nan youn nan kategori sa yo. Travay kif kif sou PI ENPOTAN yo.

## Bonus -Priyosite

Anpil fwa bagay yo ka paret difisil sitou si ou apenn ap demare, men genyen yon objektif ki kle e ki divize e plan e estrateji a kou tem kapab ede sitou si ou aprann konnen kisa pouw priorize sou lot.priorize pi enpotan sou mwen enpotan ak enpotan ka garanti ou preske bout wout nan chimen pouw briye an.

## Efri Kounya

.Kisa mwen pral fe ak sa mwen sot aprann nan chapit 4 lan ?  
Kijan mwen pral aplike li nan vi mwen, fwayem ak nan biznis mwen

---

# NÒT

---

---

# CHAPIT 05

---

## 5 Abitid Milyonè

### kew dwe kiltive pouw briye

Chapit 5 sa se youn nan chapit ke mwen pat ka tann poum te komanse ekri. Mwen kwe anpil nan bon koutim o abitid. Mwen konnen jan yo ede mwen ak sikse mwen e konnen jan ou menm tou ou ka fleri si ou suiv abitid sa yo ke lot moun rich yo, yo kiltive pou yo kapab kote yo ye jodia.

## Abitid 1

### *Li anpil anpil*

Li bon pouw konnen ke moun ki milyone yo, yo prefere pou yo edike tet yo ke pou yo pase tan nan gad tele, ale sou tiktok elatriye. Yo kwe anpil nan li bon liv ki ka ede yo aprann plis e vinn pi save nan sijè ki enterese yo. 88 pousan nan moun ki rich yo dedye plis pase 30 minit chak jou pou yo li sou plizye sijè enkli devlopman pesonel, biografi oubyen liv sou lavi lot moun ki fe anpil sikse deja, liv istwa etc.... Yo pa li woman ni anyen pou bon plezi men pito pou grandi konesans yo deja genyen oubyen adkeri nouvo. Mwen renmen li anpil e desfwa lem pa gen tan mwen chache liv la sou youtube e pandan mnan lari oubyen mlakay mwen map bale e fe nenpot bagay mwen ap tande yo.



---

## Abitid 2

### *Genyen objektif kle*

Genyen yon objektif ki kle nan tout sa wap fe se yon bagay ki fondamantal pouw ka rive reyalize li. Siw pa konn kibo ou prale, ou déjà rive. Si ou pa gen yon objektif ki kle se tankou ou se yon machin san limye. Pou komanse li enpotan pouw konnen kiyès ou ye, kisaw renmen fe, ki kote ou vle ale. Li enpotan tou pouw konnen kisaw fe déjà nan lavi ou e kisa ou vle reyalize pou mwa sa, ane sa o pwochen 5-10 lane yo pouw kapab aten rev ou yo. Vreman enpotan chita e make tout sa yo nan papye e komanse travay sou yo.

Mvle ou konnen ke tout bagay komanse ak YON GRENN desizyon. Ou ka vinn moun ou vle ye. Pa gade anyen ak limit. Reve sa. Kwe nan pouvwa rev ou yo. Reve gran. Pran desizyon pouw konstwi sa ou vle an. Travay di sou yo. Ou chaje ak potansyalite. Travay ak on vizyon. Travay ak konviksyon. Siw gen deteminasyon pouw avanse nan vi ou, on objektif kle ap edew rive. Pa tann peson. Ale pou plis. Ou merite sa !

## Abitid 3

### *Kiltive panse pozitif*

Dapre on etid kif et, 99.5 pousan milyone yo fe konprann ke lavi yo te komanse reyelman ap chanje se le ke yo te deside komanse ap panse pozitif. Li enpotan pouw konnen ke sikse ki dirab la selman posib ke le ou genyen yon pespektiv mantal pozitif. Anpil moun toujou pre a jwenn yon pwoblem a chak solisyon, kidonk jwenn yon solisyon a chak pwoblem non selman ap edew grandi otoestim ou men tou ap edew kontinye sou menm lanse an. Pran abitid pouw tande pwop panse ou yo e repete plizye fwa bagay ki pozitif sou pwop tet ou chak fwa on panse negatif antre nan tet ou.

---

## Abitid 4

### *Soti nan foul lan*

Nou telman vle melanje nou , fe sosyete a plezi e antre nan foul lan ke nou Ap fe tout sak posib poun evite grandi san pa rann kont, rete konfom poun ka sanble ak li. Le fe ke ou pa separe ou de foul lan se youn nan gwo rezon ki fe anpil moun pa rive fe sikse. Konstwi on kwayans fem nan ou, pale ak tet ou ke ou se on champion. KWE NAN TET ou. Kwe nan pouvwa deteminasyon pouw fe gwo bagay, bagay ekstrawodine.

## Abitid 5

### *Fini sa ou komanse*

Moun rich yo se moun ki pesistan anpil anpil. Yo pa janm renonse a rev yo. Yo pito tonbe ate plat ke bay vag nan mwatye wout. Le nap li istwa moun ki rich yo, nou we anpil fwa ke yo se moun ki fe echek pou pi piti yon fwa nan biznis yo men ki pat bay vag e ki te reprann yo rapidman apati de eksperyans ke yo te fe nan premye fwa yo te eseye an. Si ou vle fe sikse nan lavi ou, ou dwe deside ak tout fos ou apati jodia menm ke ou pap janm bay vag nan biznis ou ye an o sou rev ou yo men pito wap chache 10 mil estrateji pouw fe sa mache pou ou.

Fe aksyon e menm si ou santiw gen laperez. Fe aksyon ak laperez lan. Sikse an chita ap tann ou nan lot bo chimen dout ak laperez. Ann pale rapid de laperez. Laperez nomal sitou le se pou on premye fwa wap fe on bagay. Eskew sonje le ou tap monte bekann pou premye fwa jan ou te pe ? lew tap aprann kondui ? le ou tap fe ti premye bo ou e menm fe lanmou ? oui ou te pe, men se nomal se paske se te on premye fwa ou tap fel. Pratik sou pratik fe ou vinn boss e ba ou ase konfyans pouw jwenn rezilta wap chache an.

---

# Disiplin

Oh, mpa ka fini chapit lan san mwen pa pale rapid de disiplin. Disiplin se prev lanmou ak respe pou tet ou, pou fanmiw kap gade ou, antouraj ou ki kwe nan ou. Tan ki ale pap tounen, le ou pedi tan nan gad seri, novela, jwe game nan tan ou te pwomet tet ou te di ou ta pral travay sou bi ou yo, sou rev ou yo.

Travay sou ou ase pou ou pa nan pale mal de moun, discipline tet ou ase pou ou itilize tan ou pou ou regle zafe ou e ale pou plis.

*Jwe nan gran lig. - Sispann jwe e pedi tan.*

*Sikse ou depann de ou. - Reve gran.*

*Ale pou plis. - Bay meye de ou.*

*Ou merite genyen.*

Ou merite fe sikse, men pou sa ou dwe mete fos ou, eneji ou pou ou travay pou sa e disiplinew pou sa. Planifye ou, planifye jounen ou, semen ou, mwa ou etc... konsa wap konnen egzaktman ki sa pou ou fe pouw avanse.

Le ou deside pou ou fe sikse an tout bon , kwem ke anpil fwa ou pral we tout bagay komanse ap ale mal, nenpot jan sa ye rete fokis nan objektif final la. Kwe nan Bondye ase, ke li konnen ou e gen kontwol tout bagay. Sikse vini anpil fwa degize de pwoblem ak konfizyon, pou sa mvle ou sonje tou ke pi gwo batay yo bay kom rezilta pi gwo e pi bel viktwa yo.

---

## An Rezime

Gen 5 abitud kew dwe konsidere kiltive pouw kapab briye ki se: " Li anpil anpil sou diferan sijè pouw enstwi tet ou. 2- Genyen on objektif ki klè. 3- Kiltive panse pozitif. 4- Soti nan foul lan. 5- Fini sa ou komanse. 5 abitud sa yo ap edew rive byen lwen nan chimen pouw briye an.

## Aplikasyon

Pran 10 minit pouw ka gade e chwazi 5 liv ke ou vle li o tande pou mwa sa. Ekri non yo sou papye e oganize ou poiw kapab dedye on 30 minimom pa jou pouw li yo.

Pran abitud ekri 10 afimasyon pozitif sou lavi ou chak maten le ou fek leve o nan aswe anvanw domi pandan 21 jou.

## Bonus

Youn nan lwa enpotan ki pa itilize nan mond lan pou kreye riches e bati on lavi pwospè se **gratitid**. Di mèsè pou saw deja genyen se yon leman pouw rale plis. Fe tes lan pouw wè, fè 2 moun diferan kado on bagay kelkonk epi gad kijanw santiw pa rapò ak sa ki di ou Mesi an e sak pa dil lan. Wap anvè bal plis! Pran abitud di MESI pou saw deja genyen yo.

## Ekri Kounya

Kisa mwen pral fe ak sa mwen sot aprann nan chapit 5 lan ? Kijan mwen pral aplike li nan vi mwen, fwayem ak nan biznis mwen.

---

# NÒT

---

---

# BONIS 01

---

## 6 KONSEY EFEKTIF POUW BRIYE

- *Antouraj ou*

Antouraj ou genyen anpil pou we ak abitud ou yo, konpotman ou, kwayans ou, opinyon ou, jijman ou elatriye e pou rezon sa li enpotan anpil pouw chwazi pandan wap grandi e konprann plis rev ou yo, objektif ou 5 moun ou vle pi pre ou yo. Fe sur ke se moun ki kapab pouse ou ale pou pi devan nan sa ou vle reyalize yo, ki ap sipote ou e kontan pu sikse ou yo. Fe si ke moun sa yo se moun pozitif, ki ankouraje sa ki bon, men tou ki kwe nan ou e nan devlopman pesonel, desfwa li bon pou yo konnen plispasew sou sije ki enterese ou yo konsa wap grandi pi rapid e rie kote ou vle an. Chwazi antouraj ou byen entelijan e pa pe chanje yo detanzantan.

- *Evite Pwokrastine*

Kite sa ou gen pouw fe jodia pou demen, kouri pou responsablitew e trennen ladan yo, pedi tan nan sa ki pap itil ou anyen pandan bagay serye yo rete ap tann se youn nan pi gwo enmi sikse e ki ap anpeche ou rive atenn tout potansyel ou. Komanse ti pa ti pa nan sa ou gen pouw fe yo e fe sur ou ou pran elan e avanse san gade deye. Sispann panse e fe sitou sa ki enpotan yo anvan e rapid pouw fini e pase a lot bagay. Toujou bat pouw pwodiktif e pa selman okipe. Planifye saw gen pouw fe e kontwole tan ou fe nan chak aktivite ap edew genyen on kontwol pi kle. Divize pwoje ou gen pouw reyalize yo e pa pe mande kolabrasyon pouw fe bagay yo avanse pi rapid. OU KAPAB, ANN FOKIS CHAMPYON!

---

## 6 KONSEY EFEKTIF POWW BRIYE

- *Pa konfome ou*

Youn nan bagay ki kapab few rete anplas e pa avanse pouw briye, se konfome ou ak sa ou gwanyen, lew konfomew li few panse ke pou bon janw ye an e kotew ye an e li retire nan ou tout enterè pouw grandi e ale pou plis.. Lew konfomew, ou fennen kapasite ou yo e mete barikad sou pwop chimen ou ki pa nesesè e ki pap pemet ou fe on pa. Soti nan zòn konfò ou pandan wap aprann e pandan wap fe nouvo aktivite ki ap ede ak kwasans pesonel ou se 1<sup>er</sup> pa a. Konnen ou sou moun ki pa gen limit e ke ou ka toujou ale pou pli e vo plis plis plis ke saw patap janm panse se 2<sup>e</sup> pa a, li nan mantalitew!

- *Mwens pale, plis aksyon!*

Fokis nan zafè ou Champyon...

Pale anpil pap mennen ou okenn kote, di ou pral fe si o ou pral fe sa pap fe ou rapwoche ou de rev ou yo okontrè, sa ap ba ou reta nan sa ki enpotan pouw akonpli. Minit yo ap tounen le, le yo ap tounen jou, jou yo semen, semen yo mwa e mwa yo ane. Tan ki ale pap janm tounen. Sel grenn bagay li ap pemet ou vreman avanse e abouti e jwenn rezilta se fe AKSYON. Lew mete men nan pat lan bagay yo komamse pran fom e ou pral komanse we satisfakdyon nan travay ou ki ap pousew a acheve plis e plis jiskaske pwoje ou an pran tout fom li. Anpil moun genyen bel ide e menm fe bel plan men yo pa janm fe aksyon sou ide ak plan sa yo.

Champyon... Pa pemet ou fe pati de sila yo

---

## 6 KONSEY EFEKTIF POUW BRIYE

- *Kreye bon moman*

Kounya menm , wi kounya kounya se on bon moman pouw demare ak resous ou genyen yo kotew ye an, epi pi devan wa cheche plis ed/kolaborasyon e lot men kounya menm mvle ou konsyan ke prezan sa se on kado ke ou dwe bay vale e pwofite de li. Anpil moun chita ap tann bon moman an pou devlope on pwoje kelkonk ou lanse on biznis ak on ide ke yo genyen depi 3- 5 lane de sa. Majorite fwa yo ou dwe komanse e pran ed sou wout lan. Tann tann ka few tounen pwatann. Bye kalkile risk yo, chache konsey kek pwofesyonel epi mete ou o travay. Pa tann bon moman an champion pouw briye... Kreye li kounya ak prezan sa ou genyen an.





- *Aprann de ere ou yo*

Champion yo rekonet ere yo, aksepte yo, aprann de yo e konveti yo an leson pou yo kapab grandi plis. Tout fwa ou decide fe on bagay nouvo pouw avanse e briye, li vini ak opsyon pouw fe ere e se on bagay ki nomal, sitou si se premye fwa wap eseye sa wap fe an. Ere yo se eksperyans, de yo ou ka aprann anpil bagay ki ap ede ou e mete ou sou on pi bon chimen pwochen fwa. Ak eksperyans sa yo ou kapab vinn boss nan sije an e konnen e rekonet byen fasil pwochen fwa de kote pouw pase o pouw pa pase. Ere yo ofriw opotinite pouw amelyore pwoje ou an e an menm tan pou ou grandi konesans ou sou sa wap fe an e menm grandi e vinn on expert. Peson pa fet tou konnen, nou tout pase pa la. Pran tan pouw edikew plis sou sa wap fe an e pran aksyon pandan wap pemet ou fe ere sa yo ki ap tounen eksperyans pouw vinn pi bon nan sa wap fe an.







# BONIS 02

# LIV OU DWE LI POUW BRIYE



# LIV OU DWE LI POUW BRIYE



---

---

**MO**  
**FINAL**

---

# APLIKE POWW BRIYE

*Mo final mwen ...*

Wow!! Si wap li sa, sa vle di ou rive nan fen bwochi an..

Mwen espere ou te pran anpil not kew pral komanse aplike nan viw e nan biznis ou kounya menm pouw briye... men avanm ale mvle kitew ak denye pawol sa yo paske mwen fini pa konprann pa eksperyans ke lavi pa fe kado e ke tout sa ou vle reyalize ou dwe investi tan, efo ak anpil swe ladan li.

Solisyon ak opotinite yo pap toujou sot tonbe nan syel nan men ou, ou dwe soti ale chache yo e kreye opotinite ou. Desizyon ou pran chak ou se yo kap kreye desten ou. Anpil fwa ou pral santiw bouke, dekouraje, santiw a bout ak tout bagay... Ou ap rive nan enpas kotew ap gen gen pouw kite kek zanmitay deye, defwa li ka menm on fanmi ke menm si kew ap rache ou dwe kitepou on tan e tout lot distraksyon ki pap rapote anyen a pwogre ou e rev ou yo e ou ka menm rive kriye menm, we nwa e pa we ni devan ni deye.

Ou ka sezi we tout plan yo ap tonbe youn apre lot, 10 mil bagay paret sou chimen ou pouw pa kontinye nan pwoje sa, pouw pa avanse men MWEN KWE NAN OU CHAMPYON paske se moman egzat sa wap bezwen kanpe dyanm, kontinye avanse, bay tout ou menm pouw akonpli bel e gwo rev sa yo kew genyen yo e se selman le sa wap kapab rele ak tout fos ou, wap kapab kriye viktwa e BRIYE...

*Vanessa Achille*

---

# SWIV MWEN SOU REZO YO

Facebook: Vanessa Achille

Instagram: @Vanessajnb

Website: [Vanessaachille.com](http://Vanessaachille.com)